# QARAQALPAQ MILLIY GIRJEGINIŃ ZAMANAGÓY JÓNELISI

**Quyash Qalenderov**
*Ózbekistan mámleketlik konservatoriyası*
*Nókis filialı " Ulıwma kásiplik hám sotsial*
*gumanitar pánler" kafedrası " muzika tanıw"*
*bóliminiń 2-basqısh studenti*
*Ilimiy basshı: wwa dotsent* **Nodra Radjabova**

**Annotatsiya:** Bul maqala qaraqalpaq xalıqınıń miyraslarınan biri bolǵan saz áspabı girjek haqqında sóz etilgen. Girjek sazınıń kelip shiǵıwı dúzilisi hámde saz áspabqa arnalǵan shıǵarmalar ishinde "Torǵay" sazınıń analızı haqqında aytılǵan .

**Gilt sózler:** Lad, milizm, xromatika, diapazon, inretval, oktava, registr, ólshem, usul,

**Abstract**: This article discusses the *girjek*, a musical instrument that is part of the Karakalpak people's cultural heritage. It explores the origins and structure of the *g'irjek*, as well as providing an analysis of the "*Torg'ay*" composition, which is one of the pieces written for this instrument.

**Key words:** Mode, melism, chromatics, range, interval, octave, register, measure, rhythm.

**Аннотация:** В данной статье рассматривается гирджек, музыкальный инструмент, являющийся частью наследия каракалпакского народа. В произведениях, посвященных музыкальному инструменту, упоминается происхождение и структура инструмента "Гиржек," а также анализ инструмента "Торгой."

**Ключевые слова**: Лад, милизм, хроматика, диапазон, интервал, октава, регистр, размер, стиль.

Qaraqalpaqlarda xalıq namalarınan eń kóp tarqalǵanı bular baqsı namaları bolıp tabıladı. Baqsı namaları búgingi kúnge shekem saqlanıp qalıwınıń sebebi, bul óner atadan-balaǵa, ustaz-shákirt jolında qáliplesip, rawajlanıp jetip kelgen. Evropa xalqında skripka qanday áhmiyetke iye bolsa, Oraylıq Aziyada bizlerdiń áspabımız bolǵan girjek sonday áhmiyetke iye.

Qaraqalpaq milliy girjegi duwtarǵa qosımsha janapay esabında shertiledi hám kvartaga sazlanadı. Onıń úsh tarı bolıp ol mi, lya, re tarları bolıp esaplanadı. Qaraqalpaq girjegin shertiwde aldı menen ala moynaq duwtardı sheber atqara biliw kerek. Keyinshelik Petresiyans tárepinen orkestr jaratılıp úsh tardıń ornına tórt qulaqlı girjek islep shıǵarılǵan.

Girjek- azerbayjan , túrkmen , tájik hám qaraqalpaq xalıqları arasında keń tarqalǵan tartqıshlı muzikalıq ásbap . Túrkmen hám ózbeklerdiń muzikalıq folkların izertlewshileri V.A.Uspenskiy V.M. Belyaevtiń aytıwlarına qaraǵanda , girjek túrkmenlerge XIX ásirdiń aqırında kelgen. Sońın ala girgek qońsılas qaraqalpaq xalqına taralǵan bolıwı kerek. Sebebi , XIX-XX ásirlerde qaraqalpaq , ózbek , túrkmen xalıqlarınıń jıraw –baqsıları el aralap júrip ózleriniń kórkem óner sheberligin arttırǵan hám bir-birine mádeniy tásir etken. Girjek tiykarınan baqsılardıń qasında , basqa sazlar menen birge namanı janapayshı bolıp erisip atqarıw xızmetin orınlaǵan. Sonıń menen birge girjekke arnalǵan ayırım namalar da bar. Olardan «Torǵay naması », «Muxabbir bası», «Arzıwlım » atlı namalardı atap ótiwge boladı. Qurlısı boyınsha girj negizi eki bólekten turadı : qabaqtan yamasa aǵashtan islengen gewdesi hám dástesi. Girjektiń gewdesi domalaq bolıp kokos rozasınan suq qabaqtan hám tut yamasa jiyde aǵashınan islenedi. Qabaqtıń bir qaptalı ashıq bolıp onıń beti balıqtıń terisi yamasa maldıń júrek perdesi menen qaplanadı . Girgektiń dástesindegi úsh qulaǵı tarlardı tartıp turadı. Girjektiń tarların teriniń ústinde turǵan tiyek kóterip turadı. Tarlar tartqısh arqalı terbeliske keltiriledi . Tartqıshıda qobızdıń tartqıshına uqsas boladı , biraq tartılǵan qıl jińishkelew bolıp keledi. Girjek qulaqlardı buraw arqalı sazlanadı. Girjektiń tarları duwtardıń tarlarına únles bolıp sazlanadı.

Girjek sazı ózbek hám qaraqalpaq xalqınıń ardaqlı sazlarınan bolıp, mıń jıldan zıyatlaw dáwir dawamında insanlarǵa ruwxıy miyras retinde xızmet etip kelip atır.

Onıń kelip shıǵıwı X-XI ásirlerge barıp taqaladı. Sol dáwirdiń ataqlı filosof alım Abu Nasr Farabiy ólshem hám uyqassız qara sóz benen jazılǵan kórkem shıǵarma oylap tapqan tartqıshlı saz "Gipchak" dep atalǵan hám eki tarlı bolǵan Girjek Bobur dáwirine kelip úsh tarlı saz retinde qáliplesti. Zahirriddin Muhammad Boburdin (1483-1530) "Boburnoma" shıǵarmasında tán alınıwınsha, Alisher Nawayı óz dáwirinde kóplegen ózbek xalıq sázendelerin: ud sázendeler, nayshılar,girjekshiler óz qábiletlerin kórsetiwge kómekleskeni atap ótilgen. Girjek sazında Shax Qulliy Ǵijjakiy sol sazında ájayıp atqarıwshılıq sheberligin kórsetken hám saz namaların jaratqan sázende usta bolǵan. Girjek sazı Oraylıq Aziya xalıqları, tiykarnan ózbek, qaraqalpaq, tájik, túrkmen, sonıń menen kavkaz, ázerbayjan hám armyan xalıqları arasında keń tarqalǵan tartqısh penen shertiletuǵın tarli saz esaplanadı. Dáslepki girjeklerdiıń qazanxanası qabaqtan hám kakos ǵozalarınan jasalǵan bolıp, dástesiniń ortası gewik etip oyılǵan uzın aǵashtan islengen. Qazanxananiń ústine kóbik (maldıń júrek perdesi) yamasa balıq terisinen paydalanǵan halda qatlam qoyılǵan. Dástesi domalaq bolıp gazanxanaǵa jaqınlasqan tárepke jińishkelesip barǵan. Qazanǵa ornatılǵan temir ayaqshanı atqarıwshı dizesine qoyǵan jaǵdayda otırıp atqarǵan. Dáslepki girjeklerde úsh tar bolıp, bular kvarta intervalı boyınsha sazlanǵan. Sazlanıwı zárúrli bir dawısta bolmay, bálkim túrlishe bolǵan. Sol dáwirlerdegi girjekler dawıs kólemi bir yarım oktavanı qamtıp alǵan. XX- ásirdiń 20- jıllarna kelip

sázendeler girjek dawısin keńeytiw hám biyik qılıw maqsetinde unison etip sazlanǵan qos tarlılardan paydalanǵan. Tartqıshı at quyrıǵınan islenip shertiw waqtında oń qol barmaqları járdeminde tartıp turılǵan. 1930- jıllarǵa kelip Ashot Ivanovich Petrosyanc tárepinen ózbek xalıq sazları rawajlanıp, girjekke tórt tar qoyıldı. Bular skripka sıyaqlı kvinta aralıǵında jaylastırıldı. Qayta islengen girjek dástesi domalaq emes, bálkim, skripka dástesi siyaqlı tegis etip islengen.

XX ásirdin 36-jillarman baslap, Ózbekstanda xizmet kórsetken kórkem óner ǵayratkeri, professor Ashot Ivanovich Petrosyants basshılıǵında ózbek xalıq sazların nota jazıwı tiykarndaǵı atqarıwshılıǵına sáykeslendi. Bul óz ornında ózbek professional muzika atqarıwshılıǵında áhmiyetli qádem boldı. 1943-jılda arnawı eksperimental laboratoriya dúzildi hám sazlardı jetilistiriw boyınsha jumıslar dawam ettirildi. Basqa milliy sazlarımız qatarında girjek de jetilistirildi, yagnıy rekonstrukciya etildi. Girjek shańaraǵına tiyisli girjek alt, girjek bas, girjek kontrabas sazları jaratıldı. Bul sazlar orkestr, ansambi, kvartet, kvintet gruppalarında óz ornın taptı.

Joqarıda aytıp ótilgendey girjek ushında shıǵarmalar jazılǵan. Bulardan biri “Torǵay naması” bolıp tabıladı. Bul shıǵarmanıń tariyxına kelsek eń áweli bul saz torǵay sazı bolıp atqarılǵan. Keyinshelik torǵay sazı sayra dutar dep atalıp ketken. Bul saz haqqında aytsaq.

Torǵay sazı lya firigiy ladında, aralas ólshemde, apiwayı eki bólimli forma tárizinde jazılǵan. Bul shıǵarma kirısıw úsh takt, kirısıw qaraqalpaq usıllarınana tiykarlanıp berilgen hám bul usıl shıǵarmanıń basınan aqırına shekem anıq joqarı registrde jaylasqan usıl. Ekinshi oktava re sekırıwi menen tema kvarta tómen háreketi menen baslanadı. Tema kvartadan tısqarı izbe-izligi menen ózin kórsetedi. Ol izbe-izlik oktava tiykarında bolsada xramatyzim menen dawam etedi. Sazdıń dawısı takrarlawda kúshsiz úlesten tákrarlanadı hám kvarta sekiriwler menen kvarta háreketi menen birinshi bólimniń birinshi teması jumaqlanadı. Birinshi bólimniń ekinshi teması sekiriwler kóbeyedi. Kvinta sekstaǵa sekiriwleri hám olardı toltırıwı menen ózin kórsetedi. Bul usılǵa kelsek namanıń ishinde ózgergen halda takrarlanadı. Segizlik hám on altılıq bolıp kelse izinen on altılıq hám segizlik tárizınde ushrasadı. Kirısıwdiń elementleri menen xramatik júriwler arqalı ekinshi tema jumaqlanadı. Sazdıń ekinshi bólimi jańa tema menen oktava háreketi hám bálent regiystr Lya (si) ekinshi oktava arqalı málim boladı. Birinshi bolimniń ekinshi teması menen 2\4 ólshemde úshinshı tema reprizalı ózgermegen halda qaytalanadı. Shıǵarmanıń kodası xramatik halatı menen ozin kórsetedi. Eki taktlı ırǵaq arqalı shıǵarma juwmaqlanadı.

Nátiyede bul shıǵarma qaraqalpaq namalarına jaqın oziniń usulı, ladı, ózgerıwsheń ólshemi, oktava diapazonı, túrli milizmler menen qaraqalpaq namaları arasında ayrıqsha orın tutadı.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar:**

1. Qahramon Nazirov, Abdisultanov Joldasbay **XALÍQ SAZLARÍNDA ATQARÍWSHÍLÍQ** ( Gırjek) Nókis “ILIMPAZ” baspası 2023 j
2. D. Allanazarov **QARAQALPAQ SAZLARI (DUWTAR)** “ILIMPAZ” 2024-j
3. J. Abdisultanov **ARNAWLI SAZ (Girjek klssı ushın)** Nókıs “ILIMPAZ” 2023-j.
4. Q. Nazarov **XALIQ SAZLARINDA ATQARIWSHILIQ (Girjek)** Nókıs “ILIMPAZ” 2023-j.
5. Q. Ayimbetov **“XALÍQ DANALÍǴÍ”** Nókıs “BILIM” 2022-J